



Rapò 2020 sou Kalite Dlo Tiyo Distrik Dlo Potab ak Egou Immokalee

Rapò sa a gen enfòmasyon trè enpòtan sou dlo ou bwè. Tanpri rele (239) 658-3630 pou èd nan tradwi oswa konprann rapò sa a.

Yo te kreye **Distrik Dlo Potab ak Egou Immokalee (Immokalee Water and Sewer District)** a (IWSD) gras a yon Lwa Kò Lejislatif Florida a nan dat 5 jiyè 1978, nan objektif ofri sèvis dlo potab ak egou nan Immokalee, yon rejyon ki pa konstitye minisipalite nan Konte Collier, Florida. Distrik la ap jere ak okipe izin ak sistèm dlo ak egou yo kòm yon Distrik Espesyal Endepandan nan Eta Florida. Nou konsakre nou a ofri dlo potab ak tretman dlo ize san danje ak fyab, ansanm ak mete aksan sou pwoteksyon responsab resous nou yo nan jan ki pi ekonomik la pou tout manm yo. Nou fyè kontinye genyen konfyans kominote a kòm yon sèvis piblik ki gen pwopriyetè ak operatè lokal.

Sous dlo nou an se nap souteren nou tire nan pui. Pui nou yo tire nan nap souteren Lower Tamiami, Hawthorn, ak Sandstone yo. An 2020, Depatman Pwoteksyon Anviwònman an (Department of Environmental Protection, DEP) te fè yon evalyasyon dlo sous sou sistèm nou an. Evalyasyon an te fèt pou bay enfòmasyon sou tout sous kontaminasyon posib nan vwazinaj pui nou yo. Yo te idantifye katòz sous kontaminasyon posib san parèy pou sistèm sa a. Yo te sòti nan nivo siseptibilite mwayen (rezèwva kabiran anba tè), rive nan nivo siseptibilite ba, ki gen ladan yon pui enjeksyon ak yon izin tretman dlo ize. Rezilta evalyasyon an disponib sou sit entènèt Pwogram Evalyasyon ak Pwoteksyon Dlo Sous (Source Water Assessment and Protection Program) FDEP a nan www.dep.state.fl.us/swapp. Dlo nou an trete avèk ayerasyon pou kontwòl odè, pH la ajiste epi li dezenfekte avèk klò ak amonya. Nou fliyorize dlo a tou pou sante dantè.

Distrik Dlo Potab ak Egou Immokalee a kontwòle detanzantan si pa gen kontaminan nan dlo w ap bwè a konfòmman ak lwa, règ ak règleman federal ak eta yo. Sòf si nou endike yon lòt bagay, rapò sa a baze sou rezilta kontwòl nou an pou peryòd ki kòmanse nan dat 1^{ye} janvye pou rive 31 desanm 2020. Done nou te jwenn anvan 1^{ye} janvye 2020 ki prezante nan rapò sa a sòti nan dènye tès ki fèt yo selon lwa, règ ak règleman yo.

Se avèk plezi n ap rapòte dlo potab nou an respekte tout kondisyon federal ak eta yo. Si ou gen kesyon sou rapò sa a oswa sou sèvis dlo ou an, tanpri kontakte Direktè Egzekitif la, Sarah Catala oswa Sipèvizè Izin Tretman Dlo a, James Jean-Louis nan (239) 658-3630.

Nou vle pou kliyan nou yo ak kominote nou an, ki enpòtan pou nou, gen enfòmasyon sou sèvis dlo yo a. Kò administratif nou an se yon Konsèy Komisè yo nonmen, ki rankontre nan twazyèm

mèkredi chak mwa a 4:30 p.m. nan Sal Konsèy nou an, ki chita nan 1020 Sanitation Road, Immokalee

Mo ak Abrevyasyon

Nan tablo ki pi ba a, ou gen dwa jwenn mo ak abrevyasyon ou pa konnen. Pou ede ou pi byen konprann mo sa yo, nou bay definisyon ki annapre yo:

Nivo Kontaminan Maksimòm oswa MCL: Nivo pi wo nan yon kontaminan dlo potab la gen dwa genyen. Yo mete MCL yo lepli pre posib MCLG yo avèk pi bon teknoloji tretman ki disponib yo

Bi Nivo Kontaminan Maksimòm oswa MCLG: Nivo yon kontaminan nan dlo potab la ki pi ba pase kote pa gen risk pou sante yo konnen oswa yo atann. MCLG yo ofri yon maj sekirite.

Nivo maksimòm dezenfektan ki rete oswa MRDL: Nivo pi wo nan yon dezenfektan dlo potab la gen dwa genyen. Gen prèy konvenkan ki montre li nesesè pou yo ajoute dezenfektan pou kontwòl kontaminan ki se mikwòb yo.

Bi nivo maksimòm dezenfektan ki rete oswa MRDLG: Nivo dezenfektan nan dlo potab la ki pi ba pase kote pa gen risk pou sante yo konnen oswa yo atann. MRDLG yo pa reflekte avantaj itilizasyon dezenfektan pou kontwòl kontaminan ki se mikwòb yo.

Nivo Aksyon (AL): Konsantrasyon yon kontaminan ki, si li depase, deklanche tretman oswa lòt kondisyon yon sistèm dlo dwe suiv.

Teknik Tretman (TT): Yon pwosede obligatwa ki fèt pou redui nivo yon kontaminan nan dlo potab.

“ND” vle di pa detekte e li endike yo pa jwenn bagay la nan analiz laboratwa.

Pati pa milyon (ppm) oswa Miligram pa lit (mg/l): Yon pati pa pwa bagay y ap analize a pa 1 milyon pati pa pwa echantyon dlo a.

Pati pa milya (ppb) oswa Mikwogram pa lit (ug/l): Yon pati pa pwa bagay y ap analize a pa 1 milya pati pa pwa echantyon dlo a.

Pikocurie pa lit (pCi/L): Mezi radyoaktivite nan dlo.

EPA egzije kontwòl plis pase 80 kontaminan dlo potab. Kontaminan sa yo ki nan tablo ki pi ba a se sèl kontaminan yo detekte nan dlo potab ou a.

Si yo prezan, nivo plon wo kapab lakòz pwoblèm sante grav, sitou pou fi ansent ak jèn timoun. Plon nan dlo potab sòti prensipalman nan materyo ak pyès ki asosye avèk liy sèvis ak plonbri lakay. Distrik Dlo Potab ak Egou Immokalee a responsab bay dlo potab kalite siperyè, men li pa kapab kontwòl varyete materyo ki sèvi nan pyès plonbri yo. Lè dlo w lan chita pandan plizyè èdtan, pou minimize posibilite kontak avèk plon an ou kapab kite dlo tiyo w lan koule pandan 30 segonn rive jiska 2 minit anvan ou sèvi ak dlo a pou bwè oswa kuit manje. Si ou pè pou pa gen plon nan dlo ou, ou gen dwa fè yo teste dlo w lan. Gen enfòmasyon sou plon nan dlo potab,

metòd tè, ak mezi ou kapab pran pou minimize kontak disponib nan liy èd pou dlo potab san danje a (Safe Drinking Water Hotline) oswa nan <http://www.epa.gov/safewater/lead>

REZILTA TÈS KALITE DLO

Kontaminan Mikwobyolojik

Kontaminan ak Inite Mezi	Dat yo pran echantiyon an (mwa/ane)	Vyolasyon TT	Rezilta	MCLG	TT	Sa ki Gendwa Sous Kontaminasyon an
1. Bakteri Kolifòm Total	05/20 08/20 10/20	W	Pozitif	3.5	Pou sistèm ki pran mwens pase 40 echantiyon (sa gen ladan echantiyon woutin ak echantiyon yo rebran) pa mwa, PWS gen omwen de (2) echantiyon ki pozitif pou kolifòm total nan menm mwa a	Prezan natirèlman nan anviwònman an

Lane pase, yo te egzije pou nou fè yon evalyasyon Nivo 2. Se te poutèt izin nan te gen plis pase yon tèst pozitif pou bakteri kolifòm total pandan mwa dawout la, yon dezyèm priz echantiyon apre yon tèst Kolifòm Total pozitif. Evalyasyon nivo 2 a te fèt. Anplis de sa, nou te pran senk (5) mezi koreksyon e nou kapab rapòte ke nou fini ak tout mezi yo.

- *Bakteri Kolifòm Total*. Kolifòm yo se bakteri ki prezan natirèlman nan anviwònman an e ki sèvi pou konnen si gen lòt patojèn ki gen posibilite pou yo danje nan dlo a oswa si gen posibilite pou gen yon chimen pou kontaminasyon antre nan sistèm distribisyon dlo a. Nou te jwenn kolifòm sa ki te montre nesite chèche pwoblèm posib nan tretman oswa nan distribisyon dlo a. Lè sa rive, n oblije fè evalyasyon pou idantifye pwoblèm epi pou korije tout pwoblèm nou te jwenn pandan evalyasyon sa yo.

Lane pase, IWSD pa t kolekte echantiyon bakteri nan dlo ki pa trete a anvan 24 èdtan depi avètisman sou prezans kolifòm total nan echantiyon ki te kolekte an me 2020 an. Se poutèt sa nou te avèti piblik la an jeneral.

Dezenfektan nan Etap 1 an ak Pwodui Derive itilizasyon Dezenfektan

Pou bwomoksinil, kloramin, oswa klò, nivo yo detekte a se mwayèn mobil pa ane (RAA) ki pi wo a, ke yo kalkile chak trimès, mwayèn chak mwa tout echantiyon yo kolekte yo. Entèval rezilta yo se entèval rezilta tout echantiyon endividyèl yo kolekte pandan ane pase a.


Dezenfektan oswa Kontaminan ak Inite Mezi	Dat yo pran echantiyon an (mwa/ane)	Vyolasyon MCL oswa MRDL W/N	Nivo yo Detekte	Entèval Rezilta yo	MCLG oswa MRDLG	MCL oswa MRDL	Sa ki Gendwa Sous Kontaminasyon an
Klò ak Kloramin (ppm)	Pa mwa	N	2.9	0.6-4.0	MRDLG = 4	MRDL = 4.0	Aditif nan dlo a pou kontwòl mikwòb

Dezenfektan nan Etap 2 an ak Pwodui Derive itilizasyon Dezenfektan							
Kontaminan ak Inite Mezi	Dat yo pran echantiyon an (mwa/ane)	Vyolasyon MCL (W/N)	Nivo yo Detekte	Entèval Rezilta yo	MCLG	MCL	Sa ki Gendwa Sous Kontaminasyon an
Asid Alo-asetik (HAA5) (ppb)	06/20 09/20	N	12.5	11-14	N/A	60	Pwodui derive itilizasyon dezenfektan nan dlo potab
Triyalometàn Total (TTHM) (ppb)	06/20 09/20	N	4.75	3.6-5.9	N/A	80	Pwodui derive itilizasyon dezenfektan nan dlo potab
Kontaminan ak Inite Mezi	Dat yo pran echantiyon an (mwa/ane)	AL la Depase (W/N)	Rezilta 90yèm Santil	Kantite zòn echantiyonaj ki depase AL la	MCLG	AL (Nivo Aksyon)	Sa ki Gendwa Sous Kontaminasyon an
Plon ak Kuiv (Dlo Tiyo)							
Kuiv (dlo tiyo) (ppm)	7/20	N	0.61	0	0	1.3	Wouy sistèm plonbri nan kay; ewozyon depo natirèl; enfiltasyon aditif konsèvasyon bwa yo
Plon (dlo tiyo) (ppm)	7/20	N	1.2	0	0	15	Wouy sistèm plonbri nan kay, ewozyon depo natirèl

IWSD te kontwole yon lis presi Kontaminan ki Pa Reglemante (UC) pandan peryòd 2020 an nan kad yon etid pou ede Ajans Pwoteksyon Anviwònman (EPA) Etazini an konnen si gen UC nan dlo potab la, ak si kontamiman sa yo bezwen pou yo reglemante yo ou non. Nan moman prezan an, yo poko tabli ni nòm sante (paregzanp, nivo kontaminan maksimòm) ni sa ki gendwa sous pou UC yo. Men, nou oblije pibliye rezilta analiz nou yo detekte yo pou kontwòl UC nou an nan rapò anyèl nou an sou kalite dlo a. Pou lis konplè rezilta yo, sa gen ladan kontaminan nou pa detekte yo, kontakte Sipèvizè Izin Tretman Dlo a James Jean-Louis nan (239) 658-3630. Si ou ta renmen gen plis enfòmasyon sou Règ EPA a sou Kontwòl Kontaminan ki Pa Reglemante yo, tanpri rele liy èd pou dlo potab san danje a nan (800) 426-4791.

Kontaminan ak inite Mezi	Dat yo pran echantiyon an (mwa/ane)	Nivo yo Detekte (Mwayen)	Entèval	Sa ki Gendwa Sous Kontaminasyon an
Manganèz (ppb)	03/19	22.9	11.4-32.2	Prezans natirèl poutèt enfiltrasyon nan sòl la
Kabòn òganik total (ppm)	03/19	5306.6	4660-5870	Prezan natirèlman nan anviwònman an
Bwòm (ppm)	03/19	102.7	61.7-175	Prezan natirèlman nan anviwònman an
HAA5 (ppb)	03/19	9.015	6.33-11.7	Pwodui derive itilizasyon dezenfektan nan dlo potab
HAA6BR (ppb)	03/19	2.98	2.43-3.53	Pwodui derive itilizasyon dezenfektan nan dlo potab
HAA9 (ppb)	03/19	11.73	8.23-15.23	Pwodui derive itilizasyon dezenfektan nan dlo potab

N ap fè tès pou ou!



Pafwa gen moun ki plenyen poutèt koulè dlo a. Sa abityèlman rive poutèt fè ki nan dlo a. Sa kapab rive nan yon kay kote yo pa sèvi ak anpil dlo oswa nan yon lekòl apre wikenn oswa vakans lè yo pa t sèvi ak dlo. Pou ranje sa ou kapab kite dlo a koule pandan kèk minit, jiskaske se dlo klè ki sòti nan tiyo a.

Pi ba a w ap jwenn yon tablo paramèt katriyèm Règ Kontwòl Kontaminan ki Pa Reglemante a (UCMR4) ke nou te detekte nan sistèm dlo nou an

** Rezilta nan kolòn Nivo yo Detekte a pou kontaminan radyoaktif, kontaminan inòganik, kontaminan òganik sentetik tankou pestisid ak èbisid, ak kontaminan òganik volatil se nivo ki pi wo nou detekte nan nenpòt nan twa pwen echantiyonaj ki nan pwen antre an, epi entèval la se entèval konsantrasyon yo nan touletwa pwen echantiyonaj ki nan pwen antre an.

Kontaminan ak Inite Mezi	Dat yo pran echantiyon an (mwa/ane)	Vyolasyon MCL W/N	Nivo yo Detekte**	Entèval Rezilta yo	MCLG	MCL	Sa ki Gendwa Sous Kontaminasyon an
RADYONIKLEYID							
Aktivite Alpha Global, Iranyòm (pCi/L)	4/20	N	2.98	2.98	0	15	Ewozyon Depo natirèl
Radyòm 226 + 228 (pCi/L)	4/20	N	0.260 ¹	0.260	0	5	Ewozyon Depo natirèl

Sètèn moun ki bwè dlo ki gen radyòm 226 oswa 228 ki depase MCL a pandan anpil ane gen plis risk fè kansè

Kontaminan Inòganik							
Asenik (ppb)	04/20	N	0.0005000	0.0005000	0	0.010	Ewozyon depo natirèl; dlo ki sòti nan jaden pye fwi; dlo ki sòti nan dechè pwodiksyon vè ak elektwonik
Baryòm (ppm)	04/20	N	0.02200	0.01400-0.02200	2	2	Rejè dechè foraj; refè rafinri metal; ewozyon depo natirèl
Fliyorid (ppm)	04/20	N	.670	0.160-0.670	4	4	Ewozyon depo natirèl; rejè faktori angrè ak aliminyòm. Aditif nan dlo ki favorize dan solid lè li nan nivo ideyal ant 0.7 ak 1.3 ppm.
Plon (pwen antre) (ppb)	04/20	N	0.0006400	0.0006400	0	0.015	Rès polisyon lèzòm kreye tankou echapman machin ak penti; tiyo plon, anvlop, ak soudi
Nitrat (sou fòm Azòt) (ppm)	04/20	N	0.134	0.0700-0.134	10	10	Ekoulman poutèt itilizasyon angrè; enfiltrasyon sòti nan fos septik, egou; ewozyon depo natirèl
Sodyòm (ppm)	04/20	N	34.60	14.50-34.60	n/a	160	Anvayisman dlo sale, enfiltrasyon sòti nan tè a

¹ CCR orijinal 2020 la te reflète yon valè Radium 14.7. Laboratwa a, Pace Analytical, te idantifye mal echantiyon an ki fè pati IWSD. Echantiyon Distri a te bay yon nivo 0.260 ki nan nivo nivo.

Kontaminan Òganik Volatil							
1,2-Diklowopwopàn (ppb)	04/20	N	0.25	0.25	0	5	Rejè faktori chimik endistriyèl yo

Nou mete sit entènèt nou an ajou souvan pou ba ou fòmilè ak dokiman ki nesèsè yo. Li gen ladan pwosè-vèbal Reyinyon Konsèy la, pri ak frè, ak Rezolisyon ki gen dwa gen konsekans sou ou, kòm kliyan. Li gen rapò “Quality on Tap” (Kalite Dlo Tiyo) ane sa a ak ane anvan yo tou. Tanpri ale sou sit entènèt nou an nan www.iw-sd.com.



Enfòmasyon sou COVID-19 (Kowonaviris)

IWSD pran angajman ofri dlo potab san danje ak fyab pou kliyan nou yo. Nou kontinye ap siveye avètisman sou COVID-19 epi reyaji an konsekans pou pwoteje sante ak sekirite pèsònèl nou an, kliyan nou yo ak kominote a.

Salon kliyan nou an te re-ouvè nan dat 1ye jen 2021 avèk orè 8:15 AM pou 5 PM. N ankouraje kliyan nou yo kanmenm pou yo sèvi ak peman bòdwo pa entènèt la ak sèvis telefòn otomatik la pou fè peman nan yon anviwònman san danje a distans.

Si ou bezwen èd pou peye bòdwo dlo ou epi ou bezwen diskite sou opsyon peman, rele reprezantan sèvis pou kliyan nou yo nan (239) 658-3630.

Kontaminan

Sous dlo potab yo (ni dlo tiyo ni dlo nan boutèy) se rivyè, lak, wiso, etan, rezèvwa, sous, ak pui. Pandan dlo a ap deplase sou sifas tè a oswa nan sòl la, li disoud mineral ki la natirèlman epi, nan sèten ka, materyo radyoaktif, epi li kapab ranmase bagay ki la poutèt prezans zannimo oswa aktivite moun.

Pami kontaminan ki kapab prezan nan dlo sous genyen:

Kontaminan mikwòb, tankou viris ak bakteri, ki gen dwa sòti nan izin tretman dlo ize, sistèm septik, aktivite elvaj agrikòl, ak zannimo sovaj.

Kontaminan Inòganik, tankou sèl ak metal, ki kapab prezan natirèlman oswa ki kapab rezilta ekoulman dlo lapli nan lavil, rejè dlo ize endistriyèl oswa nan kay, pwodiksyon petwòl ak gaz, min, oswa kilti latè.

Pestisid ak èbisid, ki kapab sòti nan yon varyete sous tankou agrikilti, ekoulman dlo lapli nan lavil, ak itilizasyon rezidansyèl.

Kontaminan chimik òganik, sa gen ladan pwodui chimik òganik sentetik ak volatil, ki se pwodui derive pwosesis endistriyèl ak pwodiksyon petwòl, e yo kapab sòti tou nan estasyon gazolin, ekoulman dlo lapli nan lavil, ak sistèm septik.

Kontaminan radyoaktif, ki kapab la natirèlman oswa ki kapab rezilta pwodiksyon petwòl ak gaz ak aktivite min.

Pou garanti dlo tiyo a san danje lè w bwè li, EPA a preskri reglemantasyon, ki limite kantite sèten kontaminan nan dlo sistèm dlo piblik yo bay la. Reglemantasyon Administrasyon Manje ak Medikaman an (FDA) tabli limit pou kontaminan nan dlo nan boutèy, ki dwe ofri menm pwoteksyon an pou sante piblik.

Li rezonab pou nou atann nou aske **dlo potab, sa gan ladan dlo nan boutèy, gen yon ti kantite sèten kontaminan**. Prezans kontaminan yo pa nesesèman vle di dlo a poze risk pou lasante. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou kontaminan ak efè posib yo sou lasante lè ou rele liy èd pou dlo potab san danje Ajans Pwoteksyon Anviwònman an nan **1-800-426-4791**.

Nan efò n ap kontinye fè yo pou kenbe yon rezèv dlo san danje ak fyab l ap nesesè pou amelyore sistèm dlo w lan. Depans pou amelyorasyon sa yo gen dwa reflete nan estrikti tarif la. Li gen dwa nesesè pou fè ajisteman nan tarif la pou okipe amelyorasyon sa yo.

Gen moun ki gen dwa pi frajil pa rapò ak kontaminan ki nan dlo potab pase popilasyon jeneral la. Moun ki gen sistèm iminitè fèb tankou moun ki gen kansè k ap fè chimyoterapi, moun ki fè grèf ògàn, moun ki gen VIH/SIDA oswa lòt pwoblèm sistèm iminitè, sèten moun aje, ak tibebe, kapab gen plis risk fè enfeksyon. Moun sa yo dwe chèche konsèy sou dlo potab nan men pwofesyonèl medikal yo. Direktiv EPA/CDC yo sou mwayen apwopriye pou diminye risk enfeksyon avèk *Cryptosporidium* ak lòt kontaminan disponib sou liy èd pou dlo potab san danje a (800-426-4791).

Tanpri PA FLÒCH medikaman ou pa pran/vle ni nan twalèt ni nan lavabo. Pou plis enfòmasyon, tanpri klike sou <http://www.dep.state.fl.us/waste/categories/medications/pages/disposal.htm>.

Èske ou te konnen?

Distrik la sou kontwòl yon Konsèy Komisè sèt manm, ke Gouvènè Eta Florida a nonmen. Konsèy Komisè a ap jere Distrik la, endepandan de tout lòt òganis dirijan. Distrik la anplwaye kounye a apeprè 40 moun.

Konsèy Komisè a:

Joseph Brister, Prezidan
Patricia Anne Goodnight, Vis-Prezidan
Bonnie Keen, Sekretè

Magda Ayala, Komisè
Jack Johnson, Komisè
Monica Villa, Komisè

Robert Halman, Trezorye